QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«27» август 2021-у. № 01-02/03-3840 «____»-________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, 2021-жыл 17-августтағы 5/2854-санлы хатыныз бойынша төмендегилерди билдиреди:

Қарақалпақстан Республикасқ Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 27-августтағы 01/02-03-3837санлы хаты менен район(кала)лық халық билимлендириў бөлимлерине басшылыққа алыў ҳәм орынлаў ушын жиберилди.

Қарақалпақстан Республикасқ Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен мектеп китапханаларын балалар ҳәм көркем әдебиятлар менен толықтырыў мақсетинде бир қатар жумыслар алып барылмақта.

Бүгинги күнде мектеп китапханалары фондында 777 369 дана китап болып, соннан 26169 данасы мағлыўматлы сөзликлер, 323248 данасы әдебий китаплар, 66212 данасы сиясий-экономикалық әдебиятлар, 231084 данасы балалар әдебиятлары, 130 656 данасы оқыў-методикалық әдебиятларды қурайды

2020-2021-оқыў жылында мектеп китапханалары фондлары ҳәр түрли өткерилген ис-илажлар, қәўендерлер ҳәм бюджеттен тысқары қаржылар есабынан 7376 дана әдебиятлар менен толықтырылып, ал бюджет қаржылары есабынан 26 атамадағы 48,2 мың дана қарақалпақ, өзбек, рус тилиндеги балалар әдебияты ҳәм көркем әдебиятлар менен толықтырылды.

Сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 24-июньдағы 378-санлы қарары тийкарында 1 млрд 424 млн. 300 мың сўм қаржы ажыратылып, улыўма орта билим бериў мектеп китапханалары, балалар китапханасы фонды ушын қарақалпақ тилинде 28 атамадағы 55 мың дана, өзбек тилинде 36 атамадағы 26 796 дана, жәми 64 атамадағы 81796 дана әдебий ҳәм балар китаплары алынып, мектеп китапханалары фондын әдебий ҳәм балалар китаплары толықтырыў жумыслары алып барылмақта.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Орынлаўшы: С.Юсупов
Тел: (61) 222-24-64